



Pou Piblikasyon Imedya: 27/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE BRIGHT AK SHEEHAN POU SÈVI NAN KOMISYON SÈVIS PIBLIK LA

***Sena Eta New York la konfime nominasyon Uchenna Bright ak Denise Sheehan nan Komisyon Sèvis Piblik la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Sena Eta New York te konfime Uchenna Bright ak Denise Sheehan pou sèvi kòm komisè Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta New York la. An konfòmite ak Lwa Sèvis Piblik la, Gouvènè Hochul te nonmen Madam Bright ak Sheehan epi Sena Eta a te konfime yo.

"Nan nouvo pòs yo a, Uchenna Bright ak Denise Sheehan pral jwe yon wòl enpòtan nan asire yon rezo enèji ki an sekirite, fyab ak nan pri abòdab pou tout Nouyòkè yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tou de Komisè yo pral pote ekspètiz inik ak presye yo nan PSC nan yon moman enpòtan pou avni enèji New York."

Madam Bright se yon pwofesyonèl nan enèji pwòp ki gen eksperyans kote l gen plis pase 20 ane eksperyans nan òganize moun, pwojè ak lide yo. Anvan sa, nan Natural Resources Defense Council la, li gen yon istwa long nan devlope konsansis, angaje divès pati konsène, ak devlope estrateji pou rezoud pwoblèm enèji, anviwònman, ekonomik ak sosyal epi li te konsantre sou planifikasyon enèji estratejik pou pote devlopman ekonomik ak kominotè. Madam Bright te travay anpil ak lidè biznis yo, inovatè, antreprenè ak lòt pwofesyonèl biznis pou ankouraje politik anviwònman solid kòm katalizè yon ekonomi an sante, dinamik ak pwospè pandan li nan Environmental Entrepreneurs, yon gwoup òganizasyon biznis.

Madam Sheehan gen plis pase 35 ane eksperyans nan jesyon nan gouvènman an ak nan sektè ki pa pou fè pwofi. Anvan sa, li te sèvi pandan 10 ane nan Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York nan pòs jesyon siperyè, ki gen ladan dezan kòm Komisè, kote li te dirije inisyativ pou etabli premye pwogram limit ak investisman nan peyi a pou emisyon kabòn. Madam Sheehan te sèvi tou kòm konseye prensipal nan New York Battery and Energy Storage Technology Consortium.

**Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik la Rory M. Christian te deklare,** "Mwen vle felisite ak akeyi Uchenna Bright ak Denise Sheehan nan PSC. Nominasyon Gouvènè

Hochul yo, ke Sena a konfime kounye a, pote yon richès konesans ak eksperyans ki pral san dout ede PSC satisfè egzijans enèji pwòp Lwa sou Klima a etabli, pandan y ap satisfè tou responsablite legal ak fondamantal PSC pou asire sèvis piblik ki an sekirite, fyab ak nan pri abòdab."

**Madam Uchenna Bright te deklare,** "Mwen espere sèvi Nouyòkè yo nan nouvo wòl sa a nan PSC, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou opòtinite sa a pou l fè pati moman kritik sa a nan tranzisyon enèji pwòp Eta a. Mwen pran angajman pou m defann responsablite kle Komisyon an pou asire ke tout Nouyòkè yo gen sèvis piblik ki fyab, nan pri abòdab ak an sekirite."

**Madam Denise Sheehan te deklare,** "Mwen onore dèske Gouvènè Hochul te chwazi m pou sèvi nan Komisyon Sèvis Piblik la. Nan nouvo fonksyon sa a, mwen pa ka tann pou m travay nan tèt kole ak tout Komisè yo pou konstwi yon sistèm enèji pwòp ak nan pri abòdab."

Komisyon an règlemanite sèvis piblik elektrisite, gaz, vapè, telekominikasyon, kab ak dlo prive eta a. Komisyon an gen responsablite pou l asire sèvis piblik ki an sekirite epi ki fyab nan tarif jis ak rezonab.

Komisyon an ka gen ladan jiska sèt manm, Gouvènè a nonmen chak epi Sena Eta a konfime yo pou yon manda sis ane oswa pou fini yon manda yon ansyen Komisè ki poko ekspire.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)